тиқомад қилган қавмларнинг асотирларида номи зикр этилган сув маъбуди ва илоҳасининг исми Апи(Апос) атамасига боғланади» [1:17] деген пикирди ортаға шығарып Апи менен Ҳубби сөзлериниң бир мағанадағы адам аты (бул жерде пир-суў пири) екенлигин илимий әдебиятлар жәрдеминде тастыйықлайды. Ҳақыйқатында да, Үбби (Ҳүбби) образы қарақалпақ әпсаналарында да суў пири дәрежесинде сәўлеленеди ҳәм оның ҳәрекетлери көбирек суў менен байланыслы сөз етиледи [3:75-76].

Биз бундай аңызлардың әпсаналарға өтиў жағдайлары бойынша көплеп мысаллар келтириўимиз мүмкин. Мәселен, динди (ислам) үгит нәсиятлаўшы аңызлардың көпшилиги жеке дин ийесиниң кәрамат ғайры күшке ийе екенлигин тастыйықлаў мақсетинде тоқыма сюжетлер менен байытылып (Ийса Пайғамбар, Юсип пайғамбар, Ҳәзирети Алий, Салих пайғамбар, Мухаммед пайғамбар ҳәм т.б. ҳаққындағы әпсаналар) ислам дининиң абзаллықларын миллий санамызға сиңдириў ушын хызмет еткен дөретпелер болып табылады. Солай етип қарақалпақ халық прозасының миф, әпсана, аңыз жанрларының барлығында да өзине ылайық диний түсиниклер орын алған деп айта аламыз. Мәселен мифлерде жаратыўшы қудай, ғайры тәбийий күшлер ийелери, тотемизм магия сыяқлы исенимлер жийи көринсе, әпсаналарда ата-бабалардың руўхларына сыйыныўшылық-анимизм фетишлик исенимлер беккем орын алған. Усы анимистлик ҳәм фетишлик түсиниклердиң айырым үлгилери ислам динине бейимлестирилген рәўиште пайдаланылғанлығында атап өтиўимиз тийис.

**Әдебиятлар**

1. Жураев М., Нарзиқулова М. Миф, фольклор ва адабиёт. Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон миллий кутубхонаси нашриёти. 2000.
2. Имомов К. Ривоят. Ўзбек фольклори очерклари. –Тошкент: «Фан», 1989.
3. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық.77-87-том.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ ривоятлари, уларнинг миф ва афсоналардан фарқлари, ривоятлардаги тўқима сюжетлар ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о каракалпакских народных преданиях, их различий от мифов и легенд и о выдуманных сюжетах в преданиях.

**SUMMARY**

The article deals with the Karakalpak folk tales, their differences from myths and legends and about fictional plots in folk tales.

## БАБУРДЫҢ «БАБУРНАМА» ДӨРЕТПЕСИ ҲӘМ ҚАРАКАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДАҒЫ ЭПИКАЛЫҚ ЖАНРЛАР

**М.Д.Бекбергенова** - *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** «Бабурнома», эпик жанр, типологик муаммо, поэзия, проза, мемуар.
**Ключевые слова:** «Бабурнама», эпический жанр, типологическая проблема, поэзия, проза, мемуар.
**Key words:** «Baburnoma», the epic genre, a typological problem, poetry, prose, a memoir.

Захириддин Муҳаммед Бабур – XVI әсир өзбек әдебиятының ири ўәкиллериниң бири. Ол ҳәм шайыр ҳәм жазыўшы. Бабур өзиниң дөретиўшилигинде Шығыс классиклери болған Низамий, Ҳысраў Деҳлавий, Лутфий, Әлишер Наўайының әдебий дәстүрлерин даўам еттирип раўажландырды. Бабурдың бир қатар поэзиялық қосықлар топламлары ҳәм поэзия бойынша жазылған мийетлери белгили. Олардан «Мубаииййан», «Рисолаи волидия» «Хатти Бабури» ҳәм т.б. атап көрсетиўге болады. Соның менен бирге оның атақлы «Бабурнама» шығармасы бул өзбек әдебиятының тарийхындағы проза жанрының классикалық үлгиси, Бабурдың барлық дөретпелери өзиниң терең мазмунлылығы ҳәм көркемлилиги менен ажыралып турады.

«Бабурнама» дөретпеси жанрлық өзгешелиги бойынша әдебият изертлеўшилери тәрепинен мемуарлық дөретпе деп белгиленген. Ол автобиографиялық характерге ийе шығарма. «Бабурнама» шығармасы ҳаққында оның изертлеўшилериниң бири С.А.Азимджанова «Бабур-наме» китабынаң алдында берилген кириспе сөзинде төмендеги пикирлерди келтиреди: «Бабурнама» орайлық Азия халықларының тарийхының бирден-бир дереги сыпатында әсирлер даўамында тарийхшылар, этнографлар, филологлар, географлар ҳәм т.б. илимпазлар ушын баҳалы мийнет болып есапланады [3]. Соның ушын да Бабурдың «Бабурнама» шығармасы көп ғана дүнья халықларының тиллерине аўдарылған. «Бабурнама» китабы үш бөлимнен турады. Биринши бөлиминде XV әсирдиң ақырындағы Мавереннахрдағы сиясий ўақыялар сөз етиледи. Екинши бөлиминде Аўғанстанда Бабурдың өзи жасаған дәўириндеги ўақыялар баянланады. Үшинши бөлиминде Арқа Индиядағы сиясий ўақыялар ҳаққында баян етилген. Бул мәмлекетте жасайтуғын халқы, оның тәбиятты, ҳәм географиясы ҳаққында мағлыўматлар береди. Соның менен бирге Бабурдың өзиниң әдебий орталығы ҳаққында да сөз етиледи. Бабурдың заманласлары болған шайырлар, мәмлекетлик искерлер, мәдeният ўәкиллери ҳаққында мағлыўматлар берген. Бабур өзиниң, «Бабурнама» шығармасында Әлишер Наўайының әдебий портретин жасаған. Автор Әлишер Наўайыны талантлы шайыр, уллы алым, илим ҳәм мәденияттың ғамхоршысы сыпатында сүўретлейди.

«Бабурнама» дөретпеси көп ғана көрнекли жәҳән илиминде атлары белгили илимпазлар изертлеген. Олардан, В.Бартольд, А.Ю.Якубовской, Е.Э.Бертельс, А.К.Боровков, А.Н.Кононов, Н.Маллаев, В.Ю.Захидов, Я.Г.Гулямова, С.А.Азимжанова ҳәм т.б.

Бабурдың «Бабурнама» шығармасы көп ғана шет еллерде, Голландия, Англия, Германия, Франция илимпазлары тәрепинен де изертленген. Санкт-Петербург қаласында илимпаз Георг Джекат Керр тәрепинен «Бабурнама»ның қолжазбасы изертленеди ҳәм 1857-жылы «Бабурнама» Қазан қаласында баспадан китап болып шығады. Англичан алым Сусанна Беверидж «Бабурнама» шығармасын ангиличан тилине аўдарған ҳәм изертлеген. Бул мағлыўматларды С.А.Азимджанова «Бабурнама» шығармасының кириспе сөзине береди [4].

Эпос жанрының раўажланыўында типологиялық машқала әдебияттаныў илиминде ҳәр қыйлы пикирлерди пайда етти. «Эпос» деген термин грек тилинен алынған ҳәм каҳарманлық ҳаққында сөз деген мәнисти аңлатады. Әдебият теориясының тийкарларын жазған

Л.И.Тимофеев эпос деп халық поэмаларын ҳәм ертеклерин атайды (антик дәўириндеги эпос, орыс халық эпосы ҳәм т.б.). Екинши –теориялық мәнисинде эпос деп жанрды айтады, оның тийкарғы белгиси инсан характеринин кең түрде сүўретлениўи. Эпос баянлаўшы жанр, деп белгилейди Л.И.Тимофеев [1].

Адамның турмыслық жолы баянланады, ол қатнасқан ўақыялар сүўретленеди, оның ислеген ислери, адамлар менен қатнасы ҳәм т.б. Бундай болса, баянлаўшы жанр қарақалпақ аўыз-еки әдебиятында әййемги заманлардан бери қәлиплесип киятырған. Мысал ретинде, қарақалпақ халық дәстанлары «Алпамыс», «Қоблан», «Қырық қыз» ҳәм т.б. баянлаўшы жанрдың бизиң аўыз-еки әдебиятымызда ертеден пайда болғанын дереклери сыпатында белгили.

Баянлаўшы жанр я болмаса эпикалық жанр қарақалпақ классикалық жазба әдебиятында да болған, буған мысал ретинде Жийен жыраўдың «Посқан ел», Әжинияздың «Бозатаў», Бердақтың дәстанлық шығармаларын атап өтиўге болады. Демек, эпикалық жанрдың тийкары қарақалпақ аўыз-еки ҳәм классикалық жазба әдебиятында дәстүр болған.

Проза жанрында халықтың тарийхый раўажланыўының уллы басқышларын, мәмлекеттиң тарийхый шахсларының уллы ислерин сәўлелендиретуғын өз алдына жанр бар –бул мемуар әдебияты деп аталады.

Мемуар – француз ҳәм латын тиллеринен алынған сөз болып, ядқа алыў, еске түсириў деген мазмунды билдиреди. Мемуар әдебияты адамлардың өтмиштеги өзлериниң гүўа болған яки болмаса өзлери қатнасқан ўақыялар ҳаққындағы еске түсириў жазыўлары, ҳүжжетли очерклер ҳәм автобиографиялық повестьлер киреди. Мемуар әдебият -көркем сөз өнериниң айрықша бир түри болып табылады. Бул жанрдың тийкарғы шәрти: авторлар турмысты образлы сәўлелендириў керек ҳәм соның менен бирге дәўирге характерли болған ўақыяларды конкрет формада ашып бериўи талап етиледи [2:205].

Қарақалпақ мемуар әдебиятында Ж.Аймурзаевтың «Жетимниң жүреги» повести автобиографиялық мемуарлық шығарма болып есапланады. Бул повесть жазыўшының жеке өмиринен алынып жазылған. Ж.Аймурзаевтың «Жетимниң жүреги» повести Қ.Айымбетовтың «Өткен күнлерден елеслер», К.Султановтың «Өмир дәптери», Т.Алланазаровтың «Заман гәрдиши», Х.Сейтовтың «Өмир соқпақлары» шығармалары менен бир қатарда қарақалпақ мемуар әдебиятының негизин қурайды.

Әдебият теориясынан белгили болғанындай жанр ўақыттың өтиўи менен тарийхый өзгерислерге ушырайды. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебиятында мемуар жанрында жаңа формалар пайда болды. Олар эссе, күнделик жазыўлар ҳәм нама формасындағы шығармалар. Бизиң миллий қарақалпақ әдебиятымызды эссе түринде тарийхый философиялық, психологиялық ҳәм публицистикалық пикирлерди жәмлестирип мемуар әдебиятын раўажландырған жазыўшы Өзбекстан Қаҳарманы Т.Қайыпбергенов. Автордың «Қарақалпақнама» дөретпеси қарақалпақ мемуар әдебиятындағы жаңа түр болып табылады. Автордың бул дөретпеси еки бөлимнен ибарат болып, биринши бөлиминде жазыўшының өмирбаянына байланыслы мағлыўматлар, әпсаналар, аңызлар, екинши бөлиминде қарақалпақ халқы, түркий тиллес халықлар, олардың тарийхына байланыслы мағлыўматлар, жазыўшының дүнья, жәмийет, инсан ҳаққындағы көз-қараслары берилген.

Әдебияттаныў илиминде эпикалық жанрдың дүнья халықлары әдебиятында пайда болыўы, қәлиплесиўи, раўажланыўы, эволюциясы бойынша академик Веселовскийдиң «Историческая поэтика», Жирмунскийдиң «Тюркский героический эпос» мийнетлеринде изертленген. Усы аспектте Бабурдың «Бабурнама» шығармасын қарақалпақ прозасындағы эпикалық жанрдың типологиясы көзқарасынан изертлеў ҳәзирги әдебияттаныў илиминиң әҳмийетли мәселелериниң бири.

Бабурдың дөретиўшилиги ҳәм «Бабурнама» шығармасы жәҳән әдебияты тарийхында, түркий тиллес халықлар әдебиятында келешек әўладлар ушын сарқылмас әдебий булақ болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Тимофеев Л.И. Теория литературы. –Москва: «Просвещение», 1972.
2. Тимофеев Л.И., Тураев С.В.. Словарь литературоведческих терминов. –Москва: «Просвещение», 1974. –С. 205.
3. www.ziyouz.com
4. www.ziyouz.com



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада ўзбек адабиётининг йирик намунаси, XVI аср ўзбек адабиётининг классик шоир ва ёзувчиси Захириддин Мухаммад Бабурнинг машҳур «Бабурнома» асари ҳақида, унинг жанрий хусусиятлари, сюжет ива композицияси, тадқиқот қилиниши, мемуар жанри ва қорақалпоқ эпик жанри билан типологик алоқалари, шу жумладан XX аср қорақалпоқ прозасининг йирик вакили Т.Қайпбергеновнинг «Қорақалпоқнома» асари билан таққосий тадқиқот масалалари ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы сравнительного изучения известного произведения «Бабурнама» крупного представителя узбекской литературы, классика узбекской литературы XVI века, поэта и писателя Захириддина Мухаммада Бабура, жанровые особенности данного произведения, сюжет и композиция, вопросы изучения, типологических связей мемуарного жанра и литературного эпического жанра. В частности рассматриваются вопросы типологических связей этого произведения с романом «Каракалпакнама» известного писателя каракалпакской литературы XX века Т.Каипбергенова.

**SUMMARY**

The article deals with the issues of comparative study of the famous work «Baburnama» of the great representative of Uzbek literature, classic of Uzbek literature of the XVI century, the poet and writer Zakhiriddin Mukhammad Babur, the genre features of this work of this work, plot and composition, issues of typological connection of memoir genre and literary epic genre. In particular, the author studies typological relationships with the novel «Karakalpaknama» of the famous writer of the XX century Karakalpak literature T.Kaypbergenov.


## ABDULLA ORIPOV SHE’RIYATIDA UMUMINSONIY QADRIYATLAR TALQINI


**F.Kenjaev** - *o‘zbek tili va adabiyoti mutaxassisligi magistranti*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** individuallik, badiiy ifoda, obrazlilik, badiiy tafakkur, falsafiy talqin.

**Ключевые слова:** индивидуальность, художественная интерпретация, образность, художественная идея, философское толкование.

**Key words:** individuality, literary interpretation, imagery, literary-artistic idea, philosophic interpretation.


Ta’kidlash lozimki, inson qadrini ulug‘lash badiiy asarlarning asosiy o‘zagini tashkil etadi. Shu ma’noda, yaratilgan asarlarda insonni ezgulikka chorlash, o‘z fe’latvoridagi mavjud illatlarini anglab yetishi va ular bilan kurashishi singari ko‘rinishlar badiiy ifoda qilinadi. Bu narsa ijodkorning butun e’tibori inson qalb kechinmalarini